# 2015 жил, 15 январ №12

***Жойбар***

**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ**

**ҚАРАРЫ**

**Қарақалпақстан Республикасы аймағында жайласқан базарлар ҳәм саўда комплекслери объектлерин ижараға алыўшы физикалық ҳәм юридикалық тәреплерден өндирип алынатуғын бир мәртелик жыйымлар, ижара төлемлери ҳәм көрсетилген хызметлер муғдарлары ҳаққында**

1. Өзбекистан Республикасы Әдиллик министрлиги тәрепинен 2014-жыл 23-октябрь күнги 2643-сан менен дизимнен өткерилген, Өзбекистан Республикасы Финанс министрлиги ҳәм Мәмлекетлик салық комитетиниң «Базарлар ҳәм саўда комплекслериниң басқармалары тәрепинен өндирип алынатуғын бир мәртелик жыйымлар, ижара төлеми ҳәм көрсетилетуғын хызметлер төлеминиң минимал муғдарларын белгилеў ҳаққында»ғы қарарына тийкарланып Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигиниң 2015-жыл 13-январь күнги РЖ/04-02/51-санлы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик салық басқармасының 2015-жыл 8-январь күнги 01-247-санлы усыныслары, Қарақалпақстан Республикасы «Қарақалпақдийханбазары» Республикалық бирлеспеси менен келисилген, Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы базарлар ҳәм саўда комплекслери басқармалары тәрепинен өндирип алынатуғын бир мәртелик жыйымлар, ижара төлемлери ҳәм көрсетилген хызметлер муғдарлары 1-2-санлы қосымшаларға муўапық тастыйықлансын.

2. Қала ҳәм районлар ҳәкимликлерине, мәмлекетлик салық басқармасына (М.Достанов):

а) юридикалық ҳәм физикалық тәреплерден Ҳүкиметлик шешимлер менен белгиленген тәртипте ижара ҳәм басқа да төлемлерди өз ўақтында жыйнаў, банклерге тапсырыў бойынша базарлар ҳәм саўда комплексериниң алып барып атырған жумыслары үстинен қатаң қадағалаў орнатыў;

б) базарлар ҳәм саўда комплекслери хызметкерлери тәрепинен сатыўшылардан бир мәртелик жыйымларды, көрсетилген хызметлер ҳәм ижара төлемлерин белгиленген тәртипте нызамлы рәўиште өндирилиўин қадағалап барыў тапсырылсын.

3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2014-жыл 24-январьдағы 25-санлы «Қарақалпақстан Республикасы аймағында жайласқан базарлар ҳәм саўда комплекслери объектлерин ижараға алыўшы жеке пухаралардан ҳәм юридикалық тәреплерден өндирип алынатуғын бир мәртелик жыйымлар, ижара төлемлери ҳәм көрсетилген хызметлер баҳалары муғдарлары ҳаққында»ғы қарары өз күшин жоғалтқан деп есаплансын.

4. «Еркин Қарақалпақстан» (К.Реймов) ҳәм «Қорақалпоғистон тонги» (Г.Аннакличева) газеталарына усы қарарды рәсмий жариялаў тапсырылсын.

5. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары М.Мамутовка жүкленсин.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесиниң Баслығы** **Б.Янгибаев**

Нөкис қ.,

2015-жыл, 15-январь

№12

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew